



ESSEX CROSSING SITE 5

104 INITE APATMAN KI FÈK BATI nan 145 CLINTON STREET, LOWER EAST SIDE, MANHATTAN

Ekipman: Anplwaye lòbi atanpasyèl, sipèntandan souplas, teras komen*, sal pou fè egzèsis fizik*, sal pou yoga*, sal jwèt pou timoun*, depo pou bisiklèt*, chanm pou benyen chyen, ak salon pou rezidan* (*ou gen pou peye frè anplis).

Tranzit: F/J/Z/M, M9, M21, M15

Pa gen frè aplikasyon • Pa gen frè koutye • Bilding san lafimen • Plis Enfòmasyon:

www.essexcrossingsite5.com

Y ap konstwi bilding sa a pa lentèmedyè Pwogram Lojman Mixed Income nan Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation) ak Pwogram Lojman Mix & Match nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development).

Kimoun ki Ta Dwe Aplike? Moun oswa fanmi ki ranpli kondisyon revni oswa kondisyon kantite moun ki nan kay ki endike nan tablo anba la a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou ranpli kritè seleksyon yo. Moun ki aplike k ap viv nan Vil New York ap resewva yon preferans jeneral pou apatman yo.

Apatman Rezève pou: Moun ki aplike ki gen andikap:

- Pwoblèm nan kapasite pou bouje (5%)
- Pwoblèm pou Tande/pou Wè (2%)

Preferans:

- Rezidan **Manhattan CB3^A** (50%)
^A Ansyen Lokatè Zòn *renouvèlman iben ekstansyon Pak Seward (Seward Park Extension Urban Renewal Area, SPEURA)* gen priyorite 50% nan inite preferans CB yo.
- Anplwaye minisipal (5%)

INITE KI DISPONIB YO AK KONDISYON DAPRE REVNI

Gwosè inite apatman	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 40% REVNI MWAYEN ZON NAN (AREA MEDIAN INCOME, AMI)	Lwaye pa mwa ¹	Inite Apatman ki Disponib	Kantite moun nan kay la ²	Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm - Maksimòm ⁴	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 60% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	Lwaye pa mwa ¹	Inite Apatman ki Disponib	Kantite moun nan kay la ²	Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm - Maksimòm ⁴
Stidyò		\$519	2	→	1 moun \$19,680 - \$25,400		\$822	21	→	1 moun \$30,069 - \$38,100
1 chanmakouche		\$558	1	→	1 moun \$21,086 - \$25,400 2 moun \$21,086 - \$29,000		\$882	10	→	1 moun \$32,195 - \$38,100 2 moun \$32,195 - \$43,500
2 chanmakouche		\$676	2	→	2 moun \$25,166 - \$29,000 3 moun \$25,166 - \$32,640 4 moun \$25,166 - \$36,240		\$1,065	20	→	2 moun \$38,503 - \$43,500 3 moun \$38,503 - \$48,960 4 moun \$38,503 - \$54,360
3 chanmakouche					\$775					1
Gwosè inite apatman	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 120% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	Lwaye pa mwa ¹	Inite Apatman ki Disponib	Kantite moun nan kay la ²	Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm - Maksimòm ⁴	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 165% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	Lwaye pa mwa ¹	Inite Apatman ki Disponib	Kantite moun nan kay la ²	Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm - Maksimòm ⁴
Stidyò		\$1,384	6	→	1 moun \$49,338 - \$76,200		\$1,967	11	→	1 moun \$69,326 - \$104,775
1 chanmakouche		\$1,741	3	→	1 moun \$61,646 - \$76,200 2 moun \$61,646 - \$87,000		\$2,470	3	→	1 moun \$86,640 - \$104,775 2 moun \$86,640 - \$119,625
2 chanmakouche		\$2,094	7	→	2 moun \$73,783 - \$87,000 3 moun \$73,783 - \$97,920 4 moun \$73,783 - \$108,720		\$2,968	13	→	2 moun \$103,749 - \$119,625 3 moun \$103,749 - \$134,640 4 moun \$103,749 - \$149,490
3 chanmakouche					\$2,414					1

¹ Pri lwaye a gen gaz pou kwit manje ladan.

² Kantite moun ki nan fanmi an gen ladan tout moun k ap viv avèk ou, tankou paran ak timoun. Sa depannde kritè okipasyon an.

³ Salè moun nan kay la gen ladan salè, salè pa èdtan, poubwa, Sekirite Sosyal, sipò timoun, ak lòt revni. Gid revni an ka chanje.

⁴ Revni minimòm ki endike a ka pa aplike pou aplikan ki gen Seksyon 8 oswa lòt sibvansyon lwaye admisib. Limit resous ka aplike tou.

Kijan pou Ou Aplike?

Aplike sou Entènèt oswa pa lapòs. Pou aplike sou entènèt, tanpri ale sou sitwèb: nyc.gov/housingconnect. Pou mande yon aplikasyon **pa lapòs, voye yon kat postal oswa anvlop ki tou gen adrès pou voye li tounen an nan: Essex Crossing Site 5/ Triborough Finance New Station, PO Box 2011, New York, NY 10035-9997**. Voye yon sèl aplikasyon pou cha devlopman. Pa soumèt diplikata aplikasyon. Pa aplike sou entènèt oswa tou pa voye yon aplikasyon nan papye. Moun ki aplike epi ki soumèt plis pase yon aplikasyon ka pa kalifye.

Kisa Dat Limit lan ye?

Ou dwe mete dat nana aplikasyon yo oswa ou dwe soumèt yo sou entènèt anvan **me 9, 2017**. Nou p ap konsidere aplikasyon ki anreta yo.

Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon yo pou revizyon dapre yon pwosesis tiraj-osò. Si nou chwazi aplikasyon ou epi si ou sanble kalifye, n ap envite ou nan yon entèvyou pou nou kontinye pwosesis pou detèmine si ou kalifye. Anjeneral, nou pwograme entèvyou yo ant 2 ak 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifiye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun lakay ou.